

LEMBAR KERJA PESERTA DIDIK (LKPD)

Materi: Membuat ringkasan isi teks deskripsi

Tujuan Pembelajaran : Peserta didik mampu membuat ringkasan isi teks deskripsi secara berkelompok dengan menggunakan bahasa Jawa yang baik.

Jeneng Kelompok :

.....

.....

.....

Kelas :



Carane nggarap:

1. Wacanen teks deskripsi “Gamelan” nganti mangerteni isine!
2. Nggaweya ringkesan isi teks deskripsi “Gamelan” kasebut!
3. Ringkesan isi kasebut gawenen ing papan kang cumepak!



GAMELAN



Gamelan iku sawijine piranti lelagon kang ana ing Jawa Tengah, Jawa Timur, lan Yogyakarta. Gamelan sing wis ana ing relief candi Borobudur, nuduhake yen gamelan wis suwe banget umure.

Piranti gamelan akeh banget wujud kayata kendhang, gong, kenong, bonang, demung, saron, kempul, lan gender. Gamelan digawe saka kuningan kajaba kendhang digawe saka kulit sapi. Carane nabuh gamelan yaiku nganggo piranti kajaba kendhang ditabuh nganggo tangan. Gamelan digunakake kanggo ngiringi tembang ing maneka adicara kayata wayangan, manten, lan upacara adat Jawa.

Gamelan mujudake budaya kang kudu dilestarekake senajan saiki wis ana gamelan digital. Para kaum muda bisa sinau nabuh gamelan ing sanggar supaya bisa ngrasakake endah swara gamelan kang nglangenake ati.

WANGSULAN

RINGKESAN ISI TEKS DESKRIPSI

